

# Yon gid sou swen nan mezon retrèt



KESYON ENPÒTAN REZIDAN YO AK FANMI YO POZE SOUVAN



DEPATMAN LASANTE PIBLIK MASSACHUSETTS LA

# Osijè gid sa a



Kòm oumenm ak yon moun nan fanmi w vin ap viv nan yon kominote mezon retrèt, gen anpil chans pou w gen kèk kesyon - sou tout bagay, kòmanse sou kijan pou jere woutin chak jou yo pou rive sou kijan pou kontinye patisipe nan aktivite ak bagay ki enterese nou pandan tout lavi n. Apre sa, gen kèk pwoblèm ki ka rive epi ki ka, kèkfwa, difisil pou rezidan yo, fanmi yo ak anplwaye mezon retrèt la te anvizaje epi rezoud. Nou ekri ti liv sa a nan entansyon pou n ba w enfòmasyon, ti konsèy ak resous pou ede reponn kèk nan kesyon sa yo. Se DPH (*Department of Public Health*) an kolaborasyon avèk Biwo Egzekitif Zafè Granmoun Aje Massachusetts la (*the Massachusetts Executive Office of Elder Affairs*), Asosyasyon pou Swen Grandèt Massachusetts la (*the Massachusetts Senior Care Association*), Òganizasyon Avangad pou Granmoun Massachusetts la (*Leading Age Massachusetts*), moun k ap defann dwa rezidan mezon retrèt yo ak lejislatè yo ki te ekri l.

**Nan ti liv sa a, mo “fanmi” a gen ladan I manb fanmi yo, ajan swen lasante yo ak / oswa reprezantan legal yo.**



## Kilès pou m kontakte si m gen kesyon oswa enkyetid sou swen m?

Si w gen enkyetid swa sou pwòp swen w oswa sou swen yon manb fanmi w, premyeman eseye pale dirèkteman ak **anplwaye mezon retrèt la**. Chache yon anplwaye ou patikilyèman fè konfyans epi ou ka kominike ak li fasilman, tankou yon enfimyè k ap travay jou sa a oswa yon travayè sosyal.

Ou ka diskite kesyon yo oswa enkyetid yo ak **administratè enstitisyon an, direktè enfimyè yo, direktè medikal la oswa avèk doktè pèsonèl ou**. W ap jwenn nan ti liv sa a yon lis moun ou ka kontakte yo nan mezon retrèt ou a.

Anpil mezon retrèt yo gen yon regleman pou yo rankontre ak rezidan yo ak fanmi yo pa twò lontan apre rezidan yo fin vin nan mezon retrèt la kòm li ka pi fasil pou w panse a kesyon yo apre w te gen yon tan pou w ajiste w ak mezon retrèt la. Anplis, yo ankouraje rezidan yo ak fanmi yo pou yo patisipe regilyèman nan **reyinyon planifikasyon swen yo** avèk anplwaye yo chak 3-4 mwa, men ou ka mande pou yo fè yon reyinyon pou planifikasyon swen nenpòt lè.

Si apre w fin pale ak yon anplwaye nan mezon retrèt la epi yo pa reponn kesyon yo oswa rezoud pwoblèm yo nan gou w, kontakte Medyatè Biwo Egzekitif Zafè Granmoun Aje yo asiyen a mezon retrèt ou a. W ap jwenn non ak nimewo telefòn Medyatè ki pou mezon retrèt ou a nan ti liv sa a.

Finalman, ou ka kontakte **Depatman Lasante Piblik Massachusetts la** ki ap sipèvize kalite ak sekirite nan swen nan mezon retrèt yo, pou tout enkyetid ou genyen. Ou ka rele DPH nan 1-800-462-5540, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.

# Kesyon kouran



## Kilès moun ki ka resevwa enfòmasyon sou mwen ak pran desizyon pou mwen ?

Se ou ki responsab pwòp swen w pandan w nan mezon retrèt la, sofsi yon doktè oswa yon tribunal te detèmine ou pa anmezi pou w pran oswa pou w kominike desizyon sou swen lasante w yo. Manb fanmi w yo oswa zanmi w yo ka patisipe nan desizyon yo sèlman si w dakò yo ka resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou lasante w ak patisipe nan reyinyon sou planifikasyon swen w yo.



## E si m pa ka pran desizyon yo poukонт mwen ?

Si w pa anmezi pou w pran oswa kominike desizyon sou swen lasante w yo poukонт ou, yon moun dwe disponib pou pran desizyon yo pou ou - pandan w toujou ap patisipe otan w kapab nan pran desizyon sa yo.

Kòm yon rezidan mezon retrèt, li enpòtan anpil pou w ranpli yon dokiman legal ki senp yo rele yon "manda pou swen lasante" (health care proxy). Nan dokiman sa a w ap met non yon moun ou konnen epi w fè konfyans (tankou yon manb fanmi w oswa yon zanmi w) pou pran desizyon sou lasante w pou ou si w pa anmezi pou w pran desizyon yo pou tèt ou. Yo rele moun sa a k ap pran desizyon yo ajan pou swen lasante. Gen kèk maladi ou genyen, ou ka anmezi pou pran desizyon kèkfwa men se pa tout tan. Osi lontan ou anmezi pou pran ak kominike desizyon sou swen lasante w yo, se oumenm ki toujou responsab swen w. Si doktè w oswa enfimyè ki ka konsilte moun nan detèmine ou pa kapab pran oswa kominike desizyon sou swen lasante w, lè sa a se ajan pou swen lasante ou te chwazi a k ap pran desizyon yo pou ou.

Yo ankouraje w tou pou w gen yon dokiman legal yo rele yon "enstriksyon alavans (*advance directive*)" k ap fè

# Kesyon kouran

manb fanmi w yo ak mezon retrèt la konnen preferans ou yo sou swen w vle yo nan finisman lavi w. W ap jwenn enfòmasyon sou entriksyon alavans nan dokiman yo te ba w yo lè w t ap antre nan mezon an. Yo ankouraje w pou w diskite enstriksyon alavans sa yo avèk doktè w, enfimyè ki ka konsilte w la, oswa travayè sosyal ou a.



## **Kilè yo dwe fè fanmi m oswa mwen menm konnen lè gen chanjman nan swen m oswa nan kondisyon lasante m ?**

Yo dwe fè rezidan yo oswa fanmi yo konnen imedyatman si:

- Gen yon aksidan ki lakoz yon domaj ki ka ekzije yon entèvansyon medikal;
- Gen yon gwo chanjman nan kondisyon fizik, mantal oswa sikososyal rezidan an; oswa
- Gen yon nesesite pou yo fè gwo chanjman nan tretman an ki gen ladan 1 chanjman nan medikaman yo.

Si w te ranpli yon fòm *manda pou swen lasante*, se moun ou te chwazi a kòm ajan pou swen lasante w la y ap kontakte anvan. Nan lòt ka yo, rezidan yo oswa fanmi yo dabitid idantifye yon manb fanmi an pou resevwa enfòmasyon sa yo.



## **E si m bezwen pou yo voye m al lopital ?**

Yo ka bezwen pou entène w lopital si w vin gen yon kondisyon medikal yo pa ka jere nan mezon retrèt la. Nan ka sa yo, mezon retrèt la ap fè oumenm ak fanmi w konnen yo rekòmande pou w al pran swen nan lopital, diskite altènatif potansyèl nan plas ospitalizasyon an, epi fè aranjman pou transpòte w pa anbilans pou w al nan lopital la si sa apwopriye. Nan ka ijans yo, y ap fè yon manb fanmi w konnen apre yo te fin transpòte w al nan yon lopital.

# Kesyon kouran

Lè w bezwen swen nan lopital, gen kèk regleman sou "kenbe kabann" ki di pandan konbyen tan y ap ka rezève kabann nan pou ou nan mezon retrèt la pandan w nan lopital la. W ap jwenn enfòmasyon sou regleman "kenbe kabann" nan mezon retrèt ou a nan akò ou te siyen lè w t ap vin nan mezon an. Si w gen kesyon sou regleman sa yo, tanpri poze travayè sosyal ki nan mezon retrèt ou a kesyon sa yo.



## E si mezon retrèt la vle transfere m al nan yon lòt depatman oswa enstitisyon ?

Anba kèk sikonsans, yon mezon retrèt ka transfere yon rezidan al nan yon lòt chanm oswa depatman pou ka pi byen satisfè bezwen swen lasante oswa sekirite rezidan an. Mezon retrèt la dwe diskite sa avè w oswa avèk yon manb fanmi w alavans, sofsi sitiyasyon an te poze yon risk imedyat pou lasante oswa sekirite.

Kèkfwa, yon mezon retrèt ka bezwen transfere yon rezidan al nan yon lòt enstitisyon oswa egzeyate l nan enstitisyon li ye kounye a. Lwa eta a ak lwa federal yo bay lis rezon ki ka pèmèt yo transfere oswa egzeyate yon rezidan :

- Enstitisyon an pa ka satisfè bezwen lasante w
- Ou pa bezwen swen nan mezon retrèt ankò
- W ap mete an danje lasante ak sekirite lòt moun
- Malgre yo te voye avi rezonab ak apwopriye, yo pa t resevwa peman
- Mezon retrèt la ap fèmen

Nan chak ka sa yo, mezon retrèt la oblige ba w yon avi alekri pou pi piti 30 jou anvan transfè yo pwopoze a, eksepte lè w te gen pi piti pase 30 jou nan mezon retrèt la. Avi alekri a dwe espesifye :

- Rezon yo ki fè y ap fè transfè a
- Dat efektif transfè a
- Kote y ap transfere w la

# Kesyon kouran

- Kijan w ka al fè yon apèl nan ajans gouvènman yo kont transfè a
- Non, adrès ak nimewo telefòn biwo sèvis legal nan lokalite a

Si w ap ranpli yon apèl, ou dwe ranpli 1 nan entèval 30 jou apre w resevwa avi alekri a.



## E m si vle yon nouvo kanmarad chanm ?

Mezon retrèt yo fè tout sa yo kapab pou yo matche kanmarad chanm yo. Men si w pa kontan avèk kanmarad chanm ou an, ou dwe fè anplwaye mezon retrèt la konnen imedyatman. Sofsi mezon retrèt la chaje, byen souvan yo akomode demand rezidan yo pou yo deplase yo. Envèseman, si mezon retrèt la chanje kanmarad chanm ou an, Biwo Komisè Gouvèman an (Attorney General) ekzije pou yo ba w yon avi 48 èdtan, sofnan ka ijans yo.



## E si m gen kèk kesyon sou medikaman yo (ki gen ladan yo medikaman antisikotik yo) tankou : Pouki rezon yo bay medikaman sa a? Ki sentòm medikaman sa a dwe amelyore? Ki efè segondè li ka genyen?\*

Apa nan ka ijans, y ap ba w medikaman sèlman avèk konsantman w oswa avèk konsantman ajan swen lasante w la oswa reprezantan legal ou a. Ou ka mande enfimyè a, doktè a oswa enfimyè ki ka konsilte moun nan enfòmasyon sou medikaman y ap ba w yo. Lè yo itilize medikaman yo jan yo dwe itilize yo a, sa ka ede amelyore byennèt rezidan yo. Lè yo pa itilize medikaman yo jan yo dwe itilize yo a, sa ka met an danje byennèt rezidan yo.

\*Source: [www.nhqualitycampaign.org/files/AntipsychotFctshtFINAL%20508%20Compliant%2003.18.13.pdf](http://www.nhqualitycampaign.org/files/AntipsychotFctshtFINAL%20508%20Compliant%2003.18.13.pdf)

# Kesyon kouran

Kèk ekspè rekòmande pou yo itilize apwòch, yo ka fè san medikaman, anvan yon konsidere itilizasyon medikaman antisikotik yo.

Li enpòtan pou nou konnen yon rezidan toujou gen dwa pou l refize pran medikaman antisikotik oswa lòt tretman. Si yo mande w pou apwouve, pou oumenm oswa pou yon manb fanmi w, yon tretman avèk yon medikaman antisikotik, nou ta swete ou mande enfimyè a, doktè a oswa enfimyè ki ka konsilte moun nan kesyon tankou :

- Èske ekip la te fè efò pou l idantifye koz yo ki fè rezidan an gen konpòtman sa a anvan l te rekòmande medikaman pou l abòde pwoblèm konpòtman an ?
- Èske ekip la te eseye itilize apwòch, yo ka fè san medikaman, anvan l te eseye medikaman sa a (tankou chanjman nan lè domi, nan repa yo, nan aktivite yo, oswa nan jan anplwaye yo entèaji ak rezidan an) ?
- Kijan yo pral swiv efè medikaman an e, si sa posib, pou yo diminye dòz la?



## E si m gen difikilte pou m manje oswa bwè ?

Mezon retrèt la ap asiste rezidan yo nan abilte yo pou yo manje ak bwè. Nan asistans la ka gen oksilyè yo oswa yon terapèt pou langag oswa pou men k ap travay ak rezidan an, oswa ka itilize tou enstriman oswa ekipman espesyal pou asiste yo.

# Kesyon kouran



## Kilès mwen ka poze kesyon sou terapi fizik ?

Se yon doktè k ap bay lòd pou yo fè terapi fizik avè w si sa ka amelyore sitiyasyon w lan. Si kounye a ou pa resevwa sèvis terapi fizik epi w santi li te ka bon pou ou, pale ak enfimyè w la oswa travayè sosyal ou a. Si l pa nesesè pou w fè terapi fizik, yo ka ba w lòt swen tankou yon pwogram al mache pou ede w rete an sante.



## Kijan m ap fè konnen kote bagay pèsonèl mwen yo ye ?

Pale ak enfimyè a oswa travayè sosyal la ki ka ede pou w eseye jwenn kote bagay ou yo ye. Kèkfwa li itil pou w mande anplwaye yo pou pale ak moun k ap fè lesiv yo si w pa ka jwenn kèk rad ou. Ou gen dwa tou pou yo ba w yon kote ki gen sekirite e ki fèmen ak kle pou w mete bagay de valè w yo.



## Kilès y ap pèmèt wè dosye medikal mwen yo?

Y ap pèmèt oumenm oswa reprezantan legal (oswa ajan swen pou lasante w la, si w gen youn) ou a wè dosye medikal ou yo. Si w fè yon demand vèbal oswa alekri, jeneralman y ap ba w aksè nan entèval 24 èdtan.



# Kesyon kouran

Tout bagay sa yo se bon sijè pou w diskite lè w rankontre ak anplwaye mezon retrèt la. Anplis, ajans yo ak òganizasyon yo ki nan lis nan finisman ti liv sa a ka ede w jwenn regleman eta a ak federal yo ki apwopriye ki gen rapò ak kesyon ou ka genyen yo.

Ou ka jwenn tout regleman eta a ak federal yo pou mezon retrèt yo nan :  
**[www.mass.gov/dph/dhcq](http://www.mass.gov/dph/dhcq)**

Pou plis èd, tanpri rele Biwo pou Kalite Swen Lasante Depatman Lasante Piblik la nan  
**(617) 753-8100.**

# Lis pou konsomatè yo tcheke

Kòm yon rezidan yon mezon retrèt oswa fanmi yon rezidan ou dwe okouran de dokiman ak regleman sa yo ki anba a. Si w pa t ko resevwa materyèl sa yo, ou ka mande mezon retrèt la pou yo ba w yon kopi oswa kontakte youn nan ajans oswa òganizasyon ki nan lis nan finisman ti liv sa a.

## □ Akò lè w ap antre a

Mezon retrèt yo mande konsomatè yo pou yo siyen yon akò lè y ap antre a ki eksplike dwa ak responsablite mezon retrèt la epitou dwa ak responsablite rezidan an ak fanmi l. Kòm se yon dokiman legal, yo ankouraje konsomatè yo pou yo fè yon reprezantan legal revize l pou yo anvan yo siyen l.

## □ Ti liv sou dwa rezidan yo

Ti liv sa a, ki disponib nan *Depatman Lasante Piblik* la, rezime dwa rezidan yo ki nan mezon retrèt la. Yo ekzije mezon retrèt yo pou yo pwoteje ak ankouraje respè dwa rezidan yo. Yo ka jwenn vèsyon aktyalize ti liv sa a nan : [www.mass.gov/eohhs/docs/dph/quality/hcq-circular-letters/dhcq-nursing-home-brochure.pdf](http://www.mass.gov/eohhs/docs/dph/quality/hcq-circular-letters/dhcq-nursing-home-brochure.pdf)

## □ Regleman sou pwoteksyon konsomatè Biwo Komisè Gouvènman an

Regleman sa yo, yo dwe ba ou lè w ap antre a, pwoteje konsomatè yo gras a eksplikasyon yo bay sou ekzijans eta a fè an rapò ak zak oswa pratik ki pa jis oswa ki desevan, ak aksè a bonjan swen ki fêt san diskriminasyon, kontra lè moun ap antre nan mezon retrèt la, lajan y ap peye, respè lavi prive ak lòt dwa pèsonèl, lajan ak bagay pèsonèl rezidan yo, tretman medikal ak enfòmasyon, ak egzeyat ak transfè.

## □ Dwa komite fanmi yo

Se fanmi, zanmi oswa reprezantan ak moun k ap defann dwa tout rezidan yo ki nan yon mezon retrèt k ap dirije komite fanmi an. Enstitisyon an dwe konsidere opinyon ak aji sou plent ak rekòmandasyon komite a konsènan regleman yo pwopoze yo ak desizyon nan fonksyonman yo ki afekte swen ak

# Lis pou konsomatè yo tcheke

kalite lavi rezidan yo. Règleman federal ak eta a sipòte yon Komite familyal endepandan epi yo dwe ba w yon avi lè w vin rete nan mezon an ki di manb fanmi rezidan an (oswa reprezantan l) gen dwa pou l fòme yon komite familyal. Si gen yon Komite familyal endepandan, yo dwe ba w tou lè w ap vin rete nan mezon an jou, lè ak kote yo fè reyinyon yo. Si pa gen yon komite familyal, medyatè pou mezon retrèt la oswa *Moun Kap Pledé pou Refòm Mezon Retrèt yo nan Massachusetts (The Massachusetts Advocates for Nursing Home Reform)* ka ede pou yo kòmanse yon Komite familyal endepandan.

## □ Dwa pou yo vin vizite

Se responsablite mezon retrèt la pou pwoteje ak soutni dwa w pou gen vizitè ak aksè a moun ou vle 24 èdtan sou 24. Ou gen dwa tou pou refize oswa retire konsantman w nan nenpòt lè. Fanmi pwòch ou, doktè w ak kèk ofisyèl pa dwe gen limit nan lè pou yo vin vizite oswa pou yo ba yo restriksyon si se pa t oumenm ki te mete restirksyon sa yo. Yo ka ba yo restriksyon, sofsi yo nesesè pou pwoteje sekirite w oswa sekirite lòt rezidan yo. Yon moun oswa reprezantan yon ajans k ap ba w sèvis lasante, sosyal, legal oswa lòt sèvis dwe gen "aksè rezonab", sa ki vle di mezon retrèt la ka etabli kèk prensip konsènan sikonstans vizit la, tankou kote l ap fèt la. Tout lòt moun yo ap sijè a "restriksyon rezonab" enstitisyon an ap mete pou pwoteje sekirite tout rezidan nan enstitisyon an. Si enstitisyon an mete kèk restriksyon, yo dwe fè rezidan an ak vizitè a konn rezon yo, epi ki chanjman y ap bezwen fè pou retire restriksyon yo. Si w santi mezon retrèt la te vyole dwa aksè ak vizit ou, kontakte Medyatè w la oswa DPH.

## □ Depistaj maladi

Règleman federal ak eta a ekzije enstitisyon k ap bay swen sou yon peryòd ki long pou yo bay tout rezidan yo swen ak sèvis yo bezwen pou yo ka genyen oswa menteni nivo byennèt fizik, mantal ak sikososyal ki pi wo k genyen an. *Depatman Lasante Piblik* la rasanble tout prensip klinik yo sou tès depistaj pou lasante prevantiv pou rezidan enstitisyon yo k ap bay swen sou yon peryòd ki long. Menm si se pa sa sèlman, prensip sa yo gen ladan yo : egzamen fizik, sèvis prevansyon dantè, reparasyon dantè ak sèvis dantè an ijans rapid, tès despistaj

# Lis pou konsomatè yo tcheke

kansè (ki gen ladan 1 kansè nan bouch), evalyasyon pou tandé ak vizyon ak iminizasyon. Yo ka jwenn lis konplè prensip swen pou menteni lasante sou yon peryòd ki long nan : [www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dph/programs/hcq/health-care-quality/healthcare-quality/health-care-facilities/long-term-care-facilities/long-term-care-facilities-circular-letters.html](http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dph/programs/hcq/health-care-quality/healthcare-quality/health-care-facilities/long-term-care-facilities/long-term-care-facilities-circular-letters.html) (Gade lèt sikilè #11-01-543 ak pyès jwent yo). Si yon rezidan pa ka peye pou sèvis dantè li bezwen yo, enstitisyon an dwe ede w nan efò pou jwenn lòt sous finansman oswa lòt sèvis swen dantè.

## □ Fòm manda pou swen lasante

Yo ankouraje tout rezidan mezon retrèt yo pou yo ranpli yon fòm manda pou swen lasante pou idantifye yon moun (swa yon manb fanmi oswa yon zanmi) ki ka pran desizyon pou ou si w pa ka pran oswa kominike desizyon swen lasante w yo. Mezon retrèt la ka ba w yon kopi fòm nan ak enstriksyon pou w ka ranpli l. Li enpòtan pou w bay mezon retrèt la yon kopi fòm ou te ranpli a.

## □ Fòm enstriksyon alavans

Yo ankouraje tout rezidan yo pou ranpli yon fòm enstriksyon alavans pou w dokimante dezi w sou finisman lavi w sizoka ou malad byen mal prèske pral mouri epi ou pa anmezi pou w kominike. Pou plis enfòmasyon epi pou w jwenn yon kopi fòm enstriksyon alavans Massachusetts la, al vizite sit entènèt [www.caringinfo.org](http://www.caringinfo.org) *Organizasyon Swen Ospis ak Palyatif Nasyonal la (Hospice and Palliative Care Organization)*. Li enpòtan pou w bay mezon retrèt la yon kopi fòm enstriksyon alavans ou te ranpli a.

## □ Egzijans sou respè lavi prive

*Lwa federal sou Regleman Transfè ak Responsabilite nan Asirans Lasante (HIPAA, daprè sig anglè a) pwoteje respè lavi prive ak konfidansyalite enfòmasyon medikal pèsonèl moun yo. Jeneralman, mezon retrèt yo entèdi pou yo pataje enfòmasyon lasante pèsonèl, eksepte pou yo bay tretman ak sèvis swen lasante, pou yo voye bòdwo ak kolekte peman nan men konpayi asirans yo, oswa pou amelyore kalite oswa nan objektif pou bay anplwaye yo fòmasyon. Pou plis enfòmasyon sou HIPAA, al vizite sit entènèt konfidansyalite enfòmasyon lasante Depatman Lasante ak Sèvis Imen Etazini an nan : www.hhs.gov/ocr/privacy.*

# Resous yo

Enfòmasyon yo bay nan ti liv sa a se nan sèl objektif pou yo bay enfòmasyon e yo pa bay yo angiz konsèy legal.

**Depatman Lasante Piblik Massachusetts la  
(Massachusetts Department of Public Health)**  
**Biwo pou Kalite Swen Lasante  
(Division of Health Care Quality)**

67 Forest Street • Marlborough, MA 01752  
**617-753-8000** oswa **1-800-462-5540**  
[www.mass.gov/dph/dhcq](http://www.mass.gov/dph/dhcq)

**Asosyasyon pou Swen Grandèt  
Massachusetts la  
(Massachusetts Senior Care Association)**  
2310 Washington Street Suite 300  
Newton Lower Falls, MA 02462  
**617-558-02021-800-CARE-FOR**  
[www.maseniorcare.org](http://www.maseniorcare.org)

**Biwo Egzekitif Zafè Granmoun  
Aje Massachusetts yo  
(MA Executive Office of Elder Affairs)**  
**Pwogram Medyasyon pou Swen pandan Lontan  
(Long Term Care Ombudsman Program)**  
One Ashburton Place • Boston, MA 02108  
**617-727-7750** or **1-800-243-4636**  
[www.mass.gov/elders](http://www.mass.gov/elders)

**Òganizasyon Avangad pou Granmoun  
Massachusetts  
(Leading Age Massachusetts)**  
246 Walnut Street Suite 203  
Newton, MA 02460  
**617-244-2999**  
[www.leadingagema.org](http://www.leadingagema.org)

**Biwo Ekzekitif Lasante ak Sèvis Imen  
Massachusetts la  
(MA Executive Office of  
Health and Human Services)**  
**Divizyon Asistans Medikal  
(Division of Medical Assistance)**  
One Ashburton Place, 11th Floor  
Boston, MA 02108  
**617-573-1770**  
[www.mass.gov/masshealth](http://www.mass.gov/masshealth)

**Biwo Komisè Gouvènman an  
(Office of the Attorney General)**  
**Divizyon Pwoteksyon Konsomatè yo  
(Consumer Protection Division)**  
One Ashburton Place • Boston, MA 02108  
**617-727-2200**  
[www.mass.gov/ago](http://www.mass.gov/ago)

**Moun K ap Plede pou Refòm Mezon Retrèt yo  
nan Massachusetts  
(Massachusetts Advocates for  
Nursing Home Reform)**  
PO Box 560224 • Medford, MA 02156  
**1-800-988-4450**  
[www.manhr.org](http://www.manhr.org)



**LeadingAge**  
Massachusetts

MASSACHUSETTS  
SENIOR CARE  
ASSOCIATION